



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 6/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE REKÒMANDASYON KI SOTI NAN GWROUP TRAVAY
EWOYIN AK OPYÒD LA**

***Gwoup travay la prezante venn-senk rekòmandasyon ki sèvi kòm yon anprent
pou lite kont epidemi an***

***Rezilta Enpòtan gen ladan limite preskripsyon opyòd; Elimine obstak pou tretman
ak medikaman kap sove lavi; ak elaji sipò pou moun yo kap rekipere ansanm avèk
fanmi yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke [rapò final](#) ak rekòmandasyon ki soti nan gwoup travay ewoyin ak opyòd la– yon gwoup espesyalis divès nan swen sante, defans, edikasyon, ranfòsman lalwa, ansanm avèk paran ak Nouyòkè yo ki nan rekipasyon – te gen responsabilite pou devlope yon plan konplè pou konbat epidemi ewoyin ak opyòd nan eta.

Rekòmandasyon enpòtan yo gen ladan edikasyon pou egzije edikasyon moun kap preskri yo sou jeyson doulè ak adiksyon, redwi kantite jou pou preskripsyon opyòd pou premye fwa pou doulè egi apati 30 pou rive a sèt, egzije edikasyon konsomatè yo sou preskripsyon opyòd, ogmante sansibilizasyon piblik ak konsyantizasyon, elimine otorizasyon alavans opyòd ki nesese pou tretman pasyan ki entènè ak medikaman pou trete adiksyon, elaji aksè pou medikaman ranvèsman sidozaj, ogmante kabann tretman ak plas pwogram tretman opyòd epi sipò pou gerizon moun yo, epi mete ajou orè sibstans kontwole yo.

“Aprè ke yo te fin tande lidè kominotè yo ansanm avèk espesyalis yo, Gwoup travay la te mete delavan, rekòmandasyon sansib ki gen ladan ogmante sansibilizasyon ak konsyantizasyon, ki mande edikasyon pou moun kap preskri yo epi elaji aksè a pwogram tretman yo” **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Rekòmandasyon sa yo pral chita sou efò agresif administrasyon sa e lap sèvi kòm yon anprent konpreyansif pou mete fen nan epidemi sa epi sove lavi nan New York.”

Gwoup travay la te ko-prezide pa Gouvènè Adjwen Kathy Hochul ak Komisyonè Biwo Alkòl Eta New York ak Sèvis Abi Sibstans González-Sánchez.

“Sou direksyon Gouvènè Cuomo, mwen fyè pou m ko-dirije gwoup travay sa kòm nap siyonnen eta epi tande istwa dechiran moun lavi yo te brize pa kriz sante piblik sa,” te

deklare **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul, Ko-Prezidan Gwoup Travay la.** “Jodia nou te fikse yon repons agresif, atake tout ang yo -- bay kontwòl ki pi sere sou preskripsyon ansanm avèk aksè amelyore a tretman. Depi li te fin siyen an lwa, Eta New York pral yon modèl pou rès peyi a swiv.”

“Grasa pake aksyon konpreyansif sa, nap dirije wout la nan pouse kont ogmantasyon ewoyin ak adiksyon preskripsyon opyòd kap kontinye fè ravaj nan eta ak peyi nou an,” te deklare **Ko-Prezidan Gwoup Travay Ewoyin, Komisyonè NYS OASAS Arlene González-Sánchez.** “Rapò Gwoup Travay la te anonse jodia chita sou efò agresif nou pou diminye sou epidemi sa epi pèmèt nou pote efò sa yo nan yon lòt nivo. Avèk kòmantè manm yo ki nan Gwoup Travay sou ewoyin nan ansnam avèk manm yo nan kominote a ak toupatou nan eta, chanjman sa yo pral fè tretman adiksyon vin fasilman pi aksesib, asire pwoteksyon asirans pou swen twoub abi sibstans, epi sipòte efò prevansyon ak rekiperasyon nan tout eta.”

Gwoup travay la te gen de reyinyon egzekitif ak uit sesyon ekout nan eta. Apati Brooklyn pou rive nan Buffalo, yo te tandè bò kote founisè swen sante yo, gwoup sipò fanmi, edikatè ofisyèl ranfòsman lalwa, ansanm avèk manm yo nan kominote a. Plizyè santèn Nouyòkè te soumèt kòmantè yo atravè www.ny.gov/herointaskforce.

Pou adrese rasin koz epidemi aktyèl la, amelyore aksè a tretman kap sove lavi ansanm avèk medikaman, epi elaji sipò pou moun yo nan rekiperasyon ansanm avèk fanmi yo, Gwoup Travay la te fè 25 rekòmandasyon, sa ki gen ladan:

- Retire obstak asirans pou tretman nan lopital lè yo elimine apwobasyon alavans pou admisyon swen ki medikalman nesesè osi lontan ke tretman sa nesesè nan lopital.
- Mande ke konpayi asirans yo itilize yon kritè objektif ke eta apwouve lè yap fè detèminasyon asirans pou tretman pasyan ki lopital.
- Ogmante kantite kabann tretman ak espas pou pwogram twoub abi sibstans nan eta.
- Mande moun kap preskri yo pou konplete edikasyon kontinyèl sou jesyon doulè, swen palyatif, ak adiksyon.
- Limite preskripsyon opyat pou doulè egi apati apwovizyonman 30-jou pou rive a pa plis pase 7-jou, sof pou doulè kwonik ansanm avèk lòt kondisyon.
- Mande ke famasyon yo edike konsomatè yo sou risk ki gen rapò avèk preskripsyon opyòd.
- Elaji aksè a medikaman pou ranvèsè sidozaj pou sove lavi nan bay pwoteksyon asirans pou manm fanmi yo epi pèmèt sèten pwofesyonèl ki gen lisans pou bay medikaman nan sitiyasyon ijans san yo pa riske pou pèdi lisans yo.

Tout 25 rekòmandasyon yo disponib [la](#).

Komisyonè Sante Dr. Howard Zucker te deklare, “Simonte epidemi ewoyin ak abi preskripsyon medikaman egzije ke nou konfwonte pwoblèm sante piblik sa nan diferan aspè, se sa rekòmandasyon sa yo ap fè. Objektif nou se pou anpeche moun yo pa vin adikte premyèman, pandan nap trete epi ede sila yo ki deja frape nan sik abi a.

Rekòmandasyon jodia pral ede nou reyalize toulède objektif yo, epi pwoteje Nouyòkè yo kont efè devastatè dwòg sa yo.”

Maria T. Vullo, Sipè-Entandan pa entèrim Sèvis Finansye te deklare, “Adiksyon Opyòd se yon epidemi terib ki te brize lavi twòp Nouyòkè pandan twò lontan. Mwen fyè paske mwen te fè pati nan gwoup travay Gouvènè a ak pou chita sou refòm asirans enpòtan ke Gouvènè a te adopte anvan lè li rekòmande kounye a refòm asirans anplis pou konbat adiksyon, enkli eiminasyon otorizasyon preyalab epi mande tretman ki nesèsè.”

Senatè Terence Murphy te deklare, “Rapò ki soti jodia nan men Gwoup Travay Gouvènè a sou ewoyin ak abi opyòd klere yon lòt limyè, nan yon fason ki bi-patizan, sou yon pwoblèm ki enpòtan anpil pou moun New York. Mwen konplimante Gouvènè a anvan avèk Gouvènè Adjwen an pou angajman ak lidèchip yo pandan manda gwoup travay sa e mwen gen konfyans ke nou pral pase lwa enpòtan sa ane sa pou avanse efò nou pou n genyen lagè sou adiksyon nan New York.”

Manm Asanble Linda Rosenthal te deklare, “Mwen kontan paske mwen wè ke rapò yo chita sou bezwen pou edikasyon medikal kontinyèl pou pwofesyonèl medikal yo kap preskri opyòd, yon ogmantasyon nan kantite kabann tretman nan tout eta, ak plis lojman sipòtif alomtèm pou rekiperasyon adiksyon. Li enpòtan ke nou kontinye travay pou asire ke tout Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk twoub abi sibstans pral konekte avèk tretman anvan avèk sèvis rekiperasyon.”

Travay Gwoup la ap chita sou angajman pandan lontan Gouvènè a pou moun anvan avèk fanmi kap fè fas ak adiksyon. Nan 2012, Gouvènè Cuomo te siyen lwa pou mete ajou Rejis Pwogram Kontwòl Preskripsyon (PMP) (ke yo konnen tankou I-STOP) pou mande famasi yo pou rapòte enfòmasyon “nan tan reyèl” sou distribisyon sibstans kontwole, egzijè pratisyonè swen sante yo pou konsilte rejis PMP a anvan yo preskri oswa distribye sèten sibstans kontwole, epi egzijè preskripsyon elektwonik pou diminye sou fwod ak abi. Nan fen ane 2015, I-STOP te mennen a yon diminyon 90 pousan nan kantite “doctor shoppers” oswa pasyan ki vizite plizyè preskriptè ak famasi pou yo jwenn preskripsyon sibstans kontwole nan yon peryòd tan twa mwa. Nan kòmansman ane sa, New York te antre nan yon akò avèk New Jersey pou pataje done PMP toulède fason yo epi anpeche “doctor shopping” nan fwontyè eta yo.

In 2014, Gouvènè Cuomo te siyen lwa ki akòde pwoteksyon Bon Samariten pou moun yo kap bay yon antagonis opyòd (tankou naloxone) pou sove yon lavi, elaji aksè a naloxone lè yo pèmèt preskripsyon spesifik pou non-pasyan, adopte refòm asirans pou amelyore opsyon tretman pou moun kap souffri nan adiksyon, mande OASAS pou kreye yon pwogram sèvis ki anlope yon pwogram demonstrasyon pou bay sèvis a adolesan ak adilt jiska nèf mwa apre yo fin konplete pwogram tretman avèk siksè, epi amelyore penalite pou diminye sou distribisyon dwòg ilegal. Seri refòm yo te enkli nan ekspansyon pwoteksyon asirans pou twoub abi sibstans; pwograme pou ogmante aksè tretman ak amelyore kapasite tretman nan eta, sa ki gen ladan yon gwo ekspansyon nan sèvis tretman opyòd; mete sou pye nouvo sèvis elaji pou rekiperasyon anvan

avèk sa ki te la deja; epi lanse yon kanpay sansibilizasyon piblik ak prevansyon pou enfòmè Nouyòkè yo sou danje ki genyen nan itilizasyon ewoyin ak move itilizasyon opyòd ak pou adrese stigma adiksyon.

Nouyòkè yo ki gen difikilte avèk yon adiksyon, oswa ki gen paran ki gen difikilte, ka jwenn èd ak espwa lè yo rele Liy HOPE Eta nan 1-877-8-HOPENY (1-877-846-7369) oswa lè yo tèks HOPENY (Kòd kout 467369). Pou w jwenn yon founisè tretman twoub abi sibstans ke OASAS-sètifye lè ou itilize [Tablo OASAS pou disponibilite Kabann](#) oswa lè ou vizite paj wèb NYS OASAS Jwenn Èd. Pou ede nan jwen swen ak pwoteksyon asirans, vizite paj [Access Treatment](#) sou sitwèb OASAS.

Pou w jwenn yon fòmasyon pou ranvèse sidozaj naloxone toupre w, vizite paj [Sant Tretman Adiksyon OASAS ak fòmasyon sou prevansyon sidozaj opyòd](#). Vizite www.combatheroin.ny.gov pou w jwenn plis enfòmasyon sou adrese ewoyin ak abi preskripsyon opyòd, enkli yon [Twous Zouti Tab Kwizin](#) pou ede kòmanse konvèsasyon an sou siy avètisman adiksyon ak kote pou w jwenn èd. Pou w jwenn zouti anplis pou itilize nan fason pou pale avèk yon jèn moun pou anpeche minè yo bwè alkòl oswa itilize dwòg, vizite sitwèb [Talk2Prevent](#) Eta.

###

Wap jwenn lòt nouvèl adisyonèl nan www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418